Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 42 (6503) 5 сентябрь 2016 с. Итни ЗулхIиджа 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 8 сентябрь – финансистасул къо

**Россиялда 2011 соналдаса байбихьана махщалилаб байрам хIисабалда финансистасул къо кIодо гьабизе. Микьабилеб сентябрь тIаде щолеб букIинги хIисабалде босун, ракI-ракIалъ баркула гIарцулал сурсатазул махщалилазда гьезул байрам.**

Лъай бугев, махщел камилав финансист вугони, киса-кибего магIишатияб хIалтIи цебетIола, щайабуни, гIарцулал сурсатал магIишатияб хIаракатчилъиялъул кьучI ккола, финансист гьезие нухмалъи гьабизе бажарулев, гIарцудалъун хьезарулев чи ккола.

Районалъул финансистазе гьарула гьезул бигьаяб гуреб хIалтIулъ бергьенлъаби, щулияб сахлъи, талихI-рохел, рокъоб парахалъи.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев**
**ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# Лъаялъул даража – пачалихъалъул даража

### Бакълъулазул ракьалда – Лъаялъул къо

**1 сентябралда Гумбет районалъул школазда кIодо гьабуна Лъаялъул къо. Гьеб байрамалде цIалул идарабаз лъикIаб хIадурлъи гьабун букIана. Дагъистан Республикаялъул ва Гумбет районалъул нухмалъиялъул вакилзаби щвана бакълъулазул школазде.**

Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас** 1 сентябрь баркана Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазда ва учительзабазда. Гьединго гьениб тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул собраниялъул депутат, жамагIатчи **ИнусхIажи ХIамзатовас,** мебель гьабулеб «Шанс» фабрикаялъул генералияв директор **Халипа Халипаевас,** «Сельсовет “Арадирихский”» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер **Камил Шапиевас,** Гьарадерихъ гьоркьохъеб школалъул директор **ХIассан ГIалихIажиевас** ва цогидазги.

МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIараб дандеруссиналда гIахьаллъана Дагъистаналъул ХIукуматалъул ЦIияблак районалъул халкъ гочинабиялъул комитеталъул начальник **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов**, школалъул директор **Эльмира Бекмирзаева,** Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул начальникасул ишал тIуралев **Расул Лабазанов,** бакIалъулаб рищиязул комиссиялъул нухмалъулев **ГIабдулмажид Амагаев** ва цогидалги.

ТIоцебесеб цIумур кьабуна исана МелъелтIа гьоркьохъеб школалде рачунел лъималазеги. «Бакъ» ясли-ахалъул хIалтIухъабаз школалда цIализе лъикI хIадур гьарун ругоан гьел. Данделъиялдаса хадуб МухIамадгIали МухIамадгIалиевас ва ХIайбула ГIабдурахIмановас ракълил темаялъул рагьараб дарсида дуналалда ва Россиялда лъугьунеб бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ бицана лъималазда.

ЦIияб Аргъваниб ва Игьалиб гьоркьохъел школазда Лъаялъул къо кIодо гьабурал тадбиразда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ва республикаялъул парламенталъул хадусеб созывалъул депутатлъиялде кандидат, «Цогояб Россия» партиялъул вакил **НурмухIамад ГIалиевас,** Гумбет районалъул администрациялъул нухмалъулесул заместитель **АхIмад Сулаймановас,** Россиялъул Пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул бетIер **ТIалхIат Жамалудиновас** ва цогидазги.




2015-2016 цIалул сон Гумбет районалъул нухмалъиялъ рагIизабун букIана лъаялъул сонлъун ва гьеб бутIаялде цIакъ кIудияб кIвар буссинабун букIана.

Гьединаб хIаракаталъул хIасилалда цIалдохъабаз ЕГЭ лъикI кьезе байбихьана ва цIалул даража борхана. ХIажат буго гьеб хIалтIи жеги жигаралда цебе бачине.

ГIелму-лъаялъул даражаялда бараб буго пачалихъалъул даража.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:

### ГIисиназе - даци, херазе – гьудул...

-2 гьум.



### Хъизаналъул гIарац - 453 026 гъурущ

-3 гьум.



ХАНЗАБАЗУЛГИ ХАН ХЪАХІАВ ХАН ВУГО

# Хъизаналъул гІарац - 453 026 гъурущ

### Электроннияв къагІидаби хІалтІизариялъе ресал

**ГІадамазда гьоркьоб бищунго цІикІкІун хабар бицуна эбелалъул (хъизаналъул) капиталалда тІасан. Гумбет районалда эбелалъул капиталалъул гІарац щвана 790 гІолохъанаб хъизаналъе. 2007 соналдаса байбихьун, гьеб хІалтІизабуна цояз жидерго хъизаналъул рукъалъул шартІал лъикІлъизариялъе, цогидазухъе щвана сертификатал.**

РакІалде щвезабизин, законалда рекъон, сундуе гьеб эбелалъул капиталалъул гІарац хІалтІизабизе бегьулебали. Гьеб хІалтІизабула:

1.Мина-карт базе, мина-рукъ бичун босизе:

2.Лъималазул лъай борхизабиялъе:

3.Эбелалъул пенсия цІикІкІинабиялъе:

Исана тІаде бачІана ункъабилеб пунктги: лъимер-инвалид гІумру гьабизе ругьунлъизабиялъе (социальная адаптация).

Эбелалъул (хъизаналъул) капиталалъул даража жакъа бахуна 453 026 гъурущалде. Гумбет районалда эбелалъул капиталалъул сертификат кьуна 1471 хъизамалъе. Эбелалъул капиталалъул гІарцуда гьорлъе уна цого заманалда хъизамазе кьолеб гІарацги (единовременная выплата). Исана гьединаб гІарцул 25 000 гъурущ кьезе буго, хасаб гІарзаги хъван, 2016 соналъул 30 ноябралде щвезегІан, хадуб гьеб 25 000 гъурущ кьей гьоркьоб кьотІула. Гьеб цого заманалъулаб гІарац кьезе хъвараб гІарзаялда цадахъ рукІине ккола хадур рехсарал документал:



Страховияб свидетельство (СНИЛС), сертификат, паспорт, банкалъул счеталъул реквизитал.

Пенсионнияб фондалда хасаб бланкалда хъвараб гІарзаялда гъулбас гьаби гуреб хІалтІи гьабуларо ва, документазда рекъон, кІиго моцІ иналде счеталде 25 000 гъурущ рехула. Гьединаб 9 гІарза къабул гьабун, Гумбет районалда гІарац счеталде рехана.

БакІ ккун букІаго абила, 2016 соналъул 1 июлалдаса байбихьун, цого заманалъулаб гІарац кьеян гІарза нижехъе битІизе бегьула электроннияв алатазул кумекалдалъунги. Гьеб къагІидаялда нижехъе гІарза ва, цадахъ суратал рахьун (сканирование), документал жиндирго рокъосан, Пенсиязул фондалде рачІинчІого, кьезе рес гІуцІун буго.

Балагье бугеб квегІенлъиялъухъ, рачІине кколаро нижехъе, гІарзаги документалги нижехъе рехизе рес буго сордо-къоялъул бокьараб гІужалда. Нижецаги гІарзаби хъваралщиназул мурад тІубазабула. Пенсионнияб фондалда, «выплатабазул» гуребги, электроннияб къагІидаялда гІарзаби росула:

пенсия чІезабизе;

ЕДВ чІезабизе (щибаб моцІилаб гІарцул выплата);

сертификат босизе;

сертификаталда рекъон, гІарцул распоряжение гьабизе.

Электроннияб къагІидаялда хІалтІани, Пенсионнияб фондалъул хІалтІухъан ва клиент цоцада кІалъазе рихьулел гьечІо. Гьединлъидал гукки, ришват боси гІадал нахъегІанал ишал загьирлъиялъе нухал къалел руго.

Исана нижеда цебе масъала лъун буго 2016 соналъул 1 июлалдаса пенсия чІезабизе, сертификаталъул распоряжение гьаризе, гІадамазда малъун, консультацияби гьарун, щивав кІиабилев чиясухъа электроннияб къагІидаялда гІарзаби росизе. Нижеца гьеб хІалтІи гьабизе байбихьунги буго.

Рокъор ругел электроннияв алатал (компьютер, сканер) гьоркьор ккун, гІарзаби ва документал ритІула хасаб хІукуматалъул хъулухъал тІуралеб (Госуслуги) порталалде (dosuslugi.ru), жиндирго клиентасул логин ва паролалъул хъвай-хъвагІайги гьабун.

Пенсионнияб фондалъул хІалтІухъабаз гражданал, хасго гІолохъанаб гІел, ахІула, тІадехун рехсараб электроннияб къагІидаялдаса пайда босун, жидерго мурад ва рокъор ругел чІахІияб гІелалъул гІадамазул мурадал тІуразе, гьединаб куцалда нижгун хІалтІеян. Нижеца тІаде босула, нужеда малъизе, гьеб цІияб къагІидаялъе нуж ругьун гьаризе, малъа-хъваял гьаризе.

**Нижер адрес: МелъелтІа росу, Пенсионнияб фондалъул отдел.**

**Нижер телефонал: 8(272)26224, 8(272)26316, «Горячая линия» 8(272)26541**

**ТІалхІат Жамалудинов, Россиялъул Пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев**

ГОЛОСУЙТЕ ЗА СВОЕ БУДУЩЕЕ

### Места голосования избирателей на выборах депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации седьмого созыва и депутатов Народного Собрания Республики Дагестан шестого созыва Дата голосования- 18 сентября 2016 года

| № | № УИК | Избирательные участки МР «Гумбетовский район» | Количество избирателей | Адрес места голосования | ФИО председателя УИК |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 294 | Мехельтинский (райцентр) | **888** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, «Сельсовет “Мехельтинский ”», **райцентр, здание управления образования** | Хамидова Салимат Жамалудиновна |
| 2 | 295 | Мехельтинский (сельский) | **724** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, «Сельсовет “Мехельтинский”», **сельский, здание администрации села** | Салатгереев Исмаил Салавурханович |
| 3 | 296 | Нарышский | **174** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, «Сельсовет “Мехельтинский”», Нарыш, **здание дома культуры** | Алиев Магомед Ахмеднабиевич |
| 4 | 297 | Старо-Сивухский | **29** | **368931, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, «Сельсовет “Мехельтинский”», **Старый Сивух, здание администрации села** | Абдурахманов Мурад Хайбулаевич |
| 5 | 298 | Цилитлинский | **323** | **368931, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Цилитль, **здание дома культуры** | Убайдов Абдухалик Ибрагимхалилович |
| 6 | 299 | Цияб цилитлинский | **476** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Цияб Цилитль, **здание сельского клуба** | Убайдов Халидбег Ибрагимхалилович |
| 7 | 300 | Шабдухский | **72** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Шабдух, **здание администрации села** | Мурадов Султанбег Магомедович |
| 8 | 301 | Ичичалинский | **81** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Ичичали, **здание центра культуры и досуга** | Ханакаев Магомед Магомедович |
| 9 | 302 | Первомайский | **178** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Первомайск, **здание сельского клуба** | Газилаев Ахмед Нурмагомедович |
| 10 | 303 | Аргванинский | **285** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Аргвани, **здание центра культуры и досуга** | Алиев Шамиль Магомедович |
| 11 | 304 | Ново-Аргванинский | **909** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Новое Аргвани, **здание дома культуры** | Алиев Муртазали Магомедович |
| 12 | 305 | Нанибиканский | **285** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Нанибика, **здание дома культуры** | Магомедов Багавудин Магомедхабибович |
| 13 | 306 | Игалинский | **1545** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Игали, **здание дома культуры** | Сулейманов Ахмед Магомедович |
| 14 | 307 | Кунзахский | **189** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Кунзах, **здание дома культуры** | Асланов Магомед Мусаевич |
| 15 | 308 | Тантаринский | **192** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Тантари, **здание дома культуры** | Султанмурадов Ниязбег Гусенханович |

**(Продолжение-на 4 стр.)**

## Места голосования избирателей на выборах депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации седьмого созыва и депутатов Народного Собрания Республики Дагестан шестого созыва
## Дата голосования - 18 сентября 2016 года

(Начало - на 3 стр.)

| № | № УИК | Избирательные участки МР «Гумбетовский район» | Количество избирателей | Адрес места голосования | ФИО председателя УИК |
|---|---|---|---|---|---|
| 16 | 309 | Цанатлинский | **198** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Цанатль, **здание дома культуры** | Мутаилomов Мухтар Жамалудинович |
| 17 | 310 | Верхний Арадерихский | **199** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Верхний Арадерих, **здание дома культуры** | Будунов Шихабудин Алибулатович |
| 18 | 311 | Нижний Арадерихский | **94** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Нижний Арадерих, **здание дома культуры** | Нурмагомедов Гасан Абасович |
| 19 | 312 | Средний Арадерихский | **250** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Средний Арадерих, **здание дома культуры** | Магомедов Багаутдин Нурмагомедович |
| 20 | 313 | Кучкаркумский | **70** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Кучкаркум, **здание дома культуры** | Магомедов Мугумагаджияв Магомедович |
| 21 | 314 | Шпрингельский | **35** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Шпрингель, **здание дома культуры** | Файзулаев Омар Газимагомедович |
| 22 | 315 | Тляратинский | **271** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Тлярата, **здание дома культуры** | Харисеев Муса Гулиевич |
| 23 | 316 | Ингишинский | **308** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Ингиши, **здание дома культуры** | Будунов Будун Мусаевич |
| 24 | 317 | Отав-Тюбинский | **129** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Отав-Тюбе, **здание дома культуры** | Пайзулаев Абдулнасир Бегаевич |
| 25 | 318 | Данухский | **171** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Данух, **здание администрации** | Мусаев Мухтарахмед Мухтарахмедович |
| 26 | 319 | Ново-Данухский | **272** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Новый Данух, **здание сельского клуба** | Абдулхалидов Гаджияв Магомедович |
| 27 | 320 | Чиркатинский | **1023** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Чирката, **здание центра досуги и культуры** | Магомедалиев Биякай Магомедалиевич |
| 28 | 321 | Нижне-Инховский | **609** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Нижнее Инхо, **здание администрации села** | Ахмедов Магомед Гамзатович |
| 29 | 322 | Верхне-Инховский | **366** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Верхнее Инхо, **здание администрации села** | Джабраилов Магомед Нурмагомедович |
| 30 | 323 | Читлинский | **161** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Читль, **здание дома культуры** | Магомедов Магомед Алималаевич |
| 31 | 324 | Килятлинский | **334** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Килятль, **здание сельской библиотеки** | Мухидинов Магомедбег Саидович |
| 32 | 325 | Гадаринский | **113** | **368930, Республика Дагестан,** Гумбетовский район, село Гадари, **здание администрации села** | Мансуров Ахмед Магомедович |

**Время голосования: от 08 ч. 00 мин. до 20 ч. 00 мин.**

ГIЕТI БАКЪВАЛЕЛДЕ КЬЕЙИЛА ХАРЖ

# Жубай-бахъи, бикьи-кьаби

### Гумбет районалда 1 С программа лъазабуна

**23 – 30 августалда, Гумбет районалъул бюджетниял учреждениязул бухгалтеразда «1 С: Бухгалтерия» программаялда рекъон, камилго хIалтIизе лъазабиялъул мурадалда, гIуцIун рукIана махщел борхизабиялъул курсал.**



Семинар бачана «Бест-Лайн» ОООялъул специалист Руслан Кадираровас. Курсал тIоритIараб анкьалъ 20 бухгалтерас борхизабуна жидерго лъай, 1 С программаялда хIалтIизе камилаб махщел щвана.

Кадираровасул рагIабазда рекъон, электронниял документал хIадуриялъул заман лъикIго къокъ гъабулеб буго 1 С программаялъ.

**«Гумбет» РИО**

РУХIИЯБ ИРС

# ЧIикIаса СагIид-апандил хIурматалда

**Гумбет районалъул централияб библиотекаялда тIобитIана Дагъистаналъул бусурбабазул рухIияв цевехъан шайих ЧIикIаса СагIид-Афанди ракIалде щвеялъул тадбир.**

КIалъазе рахъараз бицана ЧIикIаса СагIид-Афандил гIумрудул нухалъул, гьес хъварал тIахьазул, Дагъистаналда гуребги, Северияб Кавказалдаго гьесул букIараб къадруялъул, экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьеялъе, рекъел цIуниялъе гьабураб хIалтIул, исламалъул ва маданияб къиматабщинаб, Дагъистаналъул халкъазул лъикIал гIадатал рилъанхъизариялде гьес гIолилал ахIиялъул.

Шайих СагIид-Афандил хIурматалда гIуцIун букIана тIахьазул выставкаги.

**Гумбет» РИО**

ЗИГАРА

**«Гумбет» районалъул информациялъул отделалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Зайнаб Бекбулатовалда ва гIага-божаразда эбел Асма Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиб гьабеги, нахъе ругел къварилъи-балагьалдасаги цIунаги.**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталу:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.